



**Mayor's Office of
Immigrant Affairs**



Kisa pou w fè apre ICE/Imigrasyon te kenbe yon zanmi oswa yon manm fanmi

Kesyon Ki Poze Souvan

Ou ka konfime ke zanmi w oswa manm fanmi w te detni lè w chèche lokalizatè ICE sou entènèt la nan: locator.ice.gov

Pou itilize lokalizatè a, w ap bezwen enfomasyon sa yo sou zanmi w oswa fanmi w:

- Peyi nesans AK "Nimewo A" **OSWA**
- Peyi nesans, prenon, siyati ak dat nesans.
(Tanpri sonje: non an dwe eple kòrèkteman.)



KONSEY: Yon "nimewo A" se yon nimewo idantifikasyon 8 oswa 9 chif yo jwenn nan pifò dokiman imigrasyon yo. Li vini apre lèt A. Ou ka jwenn li tou nan braslè yon moun lè yo arete yo.
Pou egzanp: A 000-000-000

Si ou pa gen nimewo A yo, mande zanmi w oswa manm fanmi w pou li lè w tandé yo.



1-800-354-0365

Lendi rive Vandredi, 9AM - 6PM

**Entèpretasyon disponib nan lang
ou prefere.**

Pou jwenn èd legal gratis ak konfidansyèl imigrasyon, Nouyòkè imigran yo ka rele liy dirèk Sipò Legal Imigrasyon MOIA.



311

Di “Imigrasyon”

Entèpretasyon disponib



Lwa imigrasyon konplike.

Pran prekosyon ak magouy legal imigrasyon oswa founisè magouyè ki ka fè fo pwomès.

Sonje Byen: Yon notè biblik ki pa yon avoka ki gen lisans pa ka ranpli oswa soumèt fòm imigrasyon pou ou. Yo pa dwe bay ou konsèy legal non plis.



**Mayor's Office of
Immigrant Affairs**

Ti liv sa a bay sèlman enfòmasyon jeneral. Se pa konsèy legal. Konsilte yon avoka pou konsèy legal.

**ICE/Imigrasyon te
arete zanmi mwen
oswa manm fanmi
mwen. Kouman
pou mwen jwenn
yo?**



Si ICE/Immigration kenbe zanmi w oswa manm fanmi w nan oswa alantou Vil Nouyòk, yo pral trete yo nan yon biwo ICE nan Manhattan. Sa a pral anjeneral pran yon jou. Lè sa a, yo pral transfere nan yon etablisman detansyon. Tipikman, etablisman detansyon an pral nan New York oswa New Jersey. Pafwa yo ka mete moun nan yon etablisman detansyon imigrasyon nan lòt eta. Etablisman detansyon yo ka nan yon prizon oswa nan yon bïlding federal.

Arestasyon

Pwosesis nan
yon biwo ICE

Transfè nan
yon sant
detansyon ICE

**Èske li an
sekirite pou m
vizite zanmi
mwen oswa
manm fanmi
mwen? Kijan
pou m wè yo epi
voye lajan ba
yo?**




Moun ki san papye ka vizite zanmi yo oswa manm fanmi yo. Anjeneral, estati imigrasyon vizitè yo pa ta dwe make pou ranfòsman imigrasyon.



Remak: Si w enkyete w ke yon pwoblèm ak pwòp ka w oswa estati imigrasyon mete w nan risk lè w ale vizite, ou ta dwe konsilte yon avoka.

Anvan ou vizite:



Revize egzijans chak etablisman detansyon pou idantifikasyon eoi tcheke si verifikasiyon background yo nesesè.



Chèche enfòmasyon yo lè w vizite: www.ice.gov/detention-facilities. Ou ka bezwen rele sant detansyon an pou konfime enfòmasyon an.



Ou dwe mete w sou lis vizit zanmi w oswa fanmi w epi li ka vizite sèlman nan jou ak lè patikilye etablisman an fikse.

**Ki jan zanmi m
oswa manm
fanmi m ka
jwenn yon
avoka?**





Gouvènman ameriken an pa bay avoka pou imigran k ap fè fas ak depòtasyon.



Zanmi w oswa manm fanmi w ka jwenn yon avoka atravè Pwojè Inite Fanmi Imigran Nouyòk (New York Immigrant Family Unity Project, NYIFUP).



The New York Immigrant Family Unity Project (NYIFUP) se yon pwogram vil la ki **bay avoka gratis ak bon jan kalite pou Nouyòkè ke ICE/imigrasyon te arete ki gen yon ka nan tribunal imigrasyon.**

Ale nan pwochen paj la pou w aprann plis sou pwogram sa a.



**Mayor's Office of
Immigrant Affairs**

Ti liv sa a bay sèlman enfòmasyon jeneral. Se pa konsèy legal. Konsilte yon avoka pou konsèy legal.

NYIFUP pral bay yon avoka gratis pou moun ki kalifye. Pou kalifye, moun nan **dwe detni epi satisfè kondisyon sa yo:**



Ka depòtasyon an se nan Tribunal Imigrasyon Varick St. Si ka a nan yon Tribunal New Jersey moun nan dwe yon rezidan Vil Nouyòk;



Moun ki detni a pa gen avoka;



Se premye odyans nan tribunal imigrasyon pou ka sa a; epi



Revni kay la pi ba pase 200% Gid Povrete Federal yo.

Plasman yon avoka ka fèt touswit apre premye odyans kalandriye prensipal la.



Gen kèk moun ki ka PA jwenn yon avoka atravè pwogram sa a.

Tanpri note, pwogram sa a bay avoka pou moun ki gen ka imigrasyon an atant devan yon Jij Imigrasyon nan yon tribunal imigrasyon. Yo ka pa bay reprezantan pou moun ki deja gen yon lòd pou depòtasyon oswa ki pa gen yon ka an atant.



1-800-354-0365

Lendi rive Vandredi, 9AM - 6PM

Entèpretasyon disponib nan lang ou preferé.

Si zanmi w oswa manm fanmi w pa kalifye pou NYIFUP, ou ka rele **liy dirèk sipò legal MOIA** pou jwenn enfòmasyon ak asistans legal.



**Mayor's Office of
Immigrant Affairs**

Ti liv sa a bay sèlman enfòmasyon jeneral. Se pa konsèy legal. Konsilte yon avoka pou konsèy legal.

Si zanmi w oswa manm fanmi w te gen kontak anvan ak immigrasyon e yo te bay yon lòd depòtasyon, oswa si yo ap transfere soti nan New York oswa New Jersey, kontakte yon avoka imedyatman.

Si nenpòt nan sa yo te rive, li posib zanmi w oswa manm fanmi w ta ka fè fas a yon depòtasyon rapid epi li bezwen asistans legal immigrasyon imedya. Li nesesè pou jwenn tout dokiman ki gen rapò ak nenpòt pwosedi immigrasyon anvan yo ke yo ka te genyen.



**Kijan nou ka
konnen kilè
premye dat
tribinal la ap
ye?**





1-800-898-7180

Ou ka jwenn kilè ak ki kote dat tribinal
la pral ye lè w rele Liy Enfòmasyon
Tribinal Imigrasyon an.

Sa a se yon sistèm enfòmasyon otomatik. Pa gen moun ki pral reponn apèl la. Sistèm nan bay enfòmasyon sèlman an Anglè ak Panyòl.





Remak: Si yo parèt nan sistèm nan men yo pa gen yon dat tribunal



Peze 3 pou tcheke ansyen desizyon.

Si li di ke yon tribunal "te bay lòd depòtasyon", sa vle di zanmi ou oswa manm fanmi ou pap gen yon nouvo odyans.



Ou kapab tou chèche enfòmasyon tribunal la sou Entènèt lè w itilize sitwèb sa a epi tape nimewo A, ki disponib an Anglè ak Panyòl.

<https://acis.eoir.justice.gov/en/>



**Mayor's Office of
Immigrant Affairs**

Ti liv sa a bay sèlman enfòmasyon jeneral. Se pa konsèy legal. Konsilte yon avoka pou konsèy legal.

Konbyen tan yo pral kenbe yo?



Sa a se yon kesyon difisil pou reponn e li depann sou ka a an patikilye. Zanmi w oswa manm fanmi w pral rete detni jiskaske ka yo fini oswa jiskaske jij la bay yo yon kosyon.



Se pa tout moun ki pral bay opòtinite pou yon kosyon. Nan yon odyans sou kosyon, Jij Imigrasyon an deside si moun nan ta ka libere nan detansyon imigrasyon si yo (oswa yon moun ki fè konfyans yo konnen) kapab peye yon kosyon.



Yon Kosyon imigrasyon se yon peman bay gouvènman Etazini an an echanj pou moun ki detni a libere epi pwomèt pou li respekte kondisyon liberasyon li, ki ka gen ladan kondisyon jij la pou ka imigrasyon an atant li.

Gen lòt fason pou konteste detansyon yo, menm si gouvènman an kwè zanmi w oswa manm fanmi w pa kalifye pou yon odyans sou kosyon. Sa a pral mande pou yon revizyon atansyon sou ka yo ak yon avoka ki gen eksperyans.

Asistans Kosyon

Si yo te akòde kosyon an, epi ou pa kapab peye l, ou ka kalifye pou fè kosyon afiche (an pati oswa an antye) pa òganizasyon san bi likratif ki ede imigran yo ak zanmi yo oswa manm fanmi yo peye kosyon. Kèk resous ki disponib enkli:

The Envision Freedom Fund



Vizite sit entènèt yo a pou wè si yo aksepte referans kosyon:

<https://envisionfreedom.org/get-support/#reach-out>

The Black Immigrants Bail Fund



Imèl yo nan blackimmigrantbailfund@gmail.com



Ranpli fòm demann yo sou sit entènèt yo:

<https://docs.google.com/forms/d/e/1FAIpQLSe0juxeG-Jl-0EZyilbp3WXf26UWQOpunDBxmDgMNylRIAPA/viewform>

The LGBTQ Freedom Fund



Imèl yo nan info@lgbtfund.org,



Vizite sit entènèt yo <https://www.lgbtfund.org/>



Rele 786-233-8969

**Ki lòt bagay
mwen ta dwe fè
kounye a?**




1

Premyèman, si ou oswa yon lòt moun te temwen dirèk arrestasyon imigrasyon an, yo ta dwe ekri tout sa ki te pase lè zanmi w oswa manm fanmi w te arete ak detni. Ekri ak tout kantite detay yo ka sonje epi ranmase nenpòt prèv fizik oswa fotografi.

2

Dezyèmman, rapòte arrestasyon an oswa foyaj nan espas travay la! Kontakte Liy Asistans Pwojè Defans Imigran an nan 212-725-6422.



Nòt

www.nyc.gov/immigrants